

# Pwogram Tikè pou Ou Travay



**Reyadaptasyon Pwofesyonèl ede moun ki kalifye ki gen andikap fizik oswa mantal jwenn oswa konsève yon pi bon travay**

**Depatman Edikasyon Florida a, Divizyon Reyadaptasyon Pwofesyonèl se yon pwofesyonèl ki ofri yon pwogram gratis epi ki volontè ki sipòte devlopman pwofesyonèl moun ki benefisyè avantaj andikap Sekirite Sosyal epi ki bezwen sipò ak sèvis pou yo reyisi sou mache travay la.**

## **Kisa Tikè pou Ou Travay ye?**

Ticket to Work, TTW (Tikè pou Ou Travay) se yon pwogram Social Security Administration (Administrasyon Sekirite Sosyal, SSA) ki disponib pou moun ki ap viv Florida ki kalifye pou avantaj andikap sekirite sosyal epi ki vle travay. SSA bay tikè tout patisipan nan rezo travay (employment network, EN), tankou VR, kapab itilize. Patisipan EN ofri sèvis travay ak reyadaptasyon ki kapab se:

- Avantaj an kach pandan w ap travay.
- Konsève Medicaid oswa Medicare pandan w ap travay.
- Ede ou ak depans anplis konsènan andikap ou a.

## **Kouman Mwen Kapab Vin Yon Pwopriyetè Tikè?**

TTW disponib pou pifò benefisyè sekirite sosyal ki gen andikap ki koresponn ak kèk kritè. SSA enfòm moun ki kalifye yo pou yo patisipe nan pwogram nou konnen sou non Pwopriyetè Tikè a. Pwogram nasyonal sa a gen plis pase 13 milyon Pwopriyetè Tikè epi pifò deja ap travay. TTW gratis epi volontè.

## **Kilès ki Kalifye pou Sèvis Tikè pou Ou Travay?**

Si ou benefisyè Social Security Disability Insurance (Asirans Andikap Sekirite Sosyal, SSDI) ak/oswa Supplemental Security Income (Reveni Sekirite Konplemantè, SSI) pou andikap ou a, ou ta sipoze kalifye pou sèvis VR.

## **Èske Mwen Kapab Konsève Medicaid oswa Medicare Mwen an?**

Pandan w ap patisipe nan pwogram TTW, gen prim travay pou ede w konsève avantaj an kach ou yo ak pwoteksyon medikal ou a nan moman tranzisyon ou sou mache travay. Anplis, SSA gen lòt prim travay ki sèvi pon ant avantaj pou andikap ak endepandans finansye.

# Pwogram Tikè pou Ou Travay

## Sèvis Reyadaptasyon Pwofesyonèl

- Evalyasyon ak Planifikasyon Pwofesyonèl
- Konsèy ak Oryantasyon Pwofesyonèl
- Ankadreman Pwofesyonèl
- Plasman Pwofesyonèl
- Fòmasyon nan Espas Travay
- Fòmasyon ak Ansèyman Aprè Lekòl Segondè
- Evalyasyon Espas Travay ak Lojman
- Sèvis Travay Asiste ak Pèsonalize
- Sèvis Tranzisyon Avan Travay
- Teknoloji ak Aparèy Èd
- Evalyasyon Medikal ak Sikolojik, ak
- Tretman Medikal ak/oswa Sikolojik ki Limite nan Tan

## Kisa Lòd Seleksyon ye?

Lòd Seleksyon chita sou gravite andikap kliyan an. Lwa federal egzije pou yo sèvi moun ki gen pi gwo andikap yo an premye. Yo plase tout lòt moun ki kalifye sou yon lis d atant priorite.

## Reyalite kont Mit

**Mit:** Si mwen patisipe nan pwogram Ticket to Work pandan m ap eseye jwenn yon travay, m ap pèdi avantaj Medicaid oswa Medicare mwen yo.

**Reyalite:** Sekirite Sosyal ofri “prim travay” espesyal pou ede moun ki gen andikap vin endepandan sou plan finansye. Prim travay sa yo se konsèvasyon avantaj an kach ou yo ak pwoteksyon medikal ou a pandan tranzisyon ou sou mache travay. Epi si ou rann ou kont ou pa kapab travay, li fasil pou rekòmanse vèsman w yo.

**Mit:** Si yon rezo travay pa satisfè mwen, m ap oblije rete nan rezo a yon fwa mwen te ba yo tikè mwen an.

**Reyalite:** Lè ou bay yon rezo travay an patikilye tikè ou a, yo pa kapab atribye tikè ou a ak yon lòt rezo an menm tan. Men, si ou menm ak òganizasyon an deside nou pa kapab travay ansanm, ou kapab re pran tikè ou a epi atribye l ak yon lòt rezo travay kou ou fin resevwa sèvis lakay nou.

## Kontakte Reyadaptasyon Pwofesyonèl



850-245-3401

Video Relay and Florida Relay  
711 Services Available



850-245-3394



[www.RehabWorks.org](http://www.RehabWorks.org)



Florida Department of Education  
Division of Vocational Rehabilitation  
325 W. Gaines St., Suite 1144  
Tallahassee, FL 32399-0400

Depatman Edikasyon Florida a, Divizyon Reyadaptasyon Pwofesyonèl Vocational Rehabilitation, VR) se yon patwon ki respekte prensip egalite chans. Li ilegal pou VR, kòm benefisyè èd finansye federal, diskrimine moun nan Etazini sou baz ras, koulè, relijyon, sèks, orijin nasyonal, laj, andikap, afilyasyon politik oswa konviksyon. Pwosesis aplikasyon VR itilize pou detèmine kalifikasyon pou sèvis la, tout sèvis ann aprè ak tout pwosesis VR la koube anba egzijans zewo diskriminasyon sa yo. Gen èd ak sèvis èd ki disponib sou demann pou moun ki gen andikap. Pwogram VR resevwa 78.7 pousan nan finansman li apati yon sibvansyon Depatman Edikasyon Ameriken an. Pou ane fiskal federal 2020 an, montan total sibvansyon yo bay yo te rive \$153,000,001. Kredi Eta Florida te finance rès 21.3 pousan nan pri a (\$41,409,148). Yo revize li ann oktòb 2020.